O'ZBEKISTON
RESPUBLIKASI
MILLIY KITOB PALATASI
INV.№

КҮЎИЛ—ЭДИЛЛИЙКТЕ

ИНСОН ВА ҚОНУН

Газета 1996—жыл
1-сентябрден баслап
шыға баслады

3-ноябрь
1998 жыл
№31 (76)
ШИЙШЕМБИ.

Сатыўда еркин баҳада

ADAM NIZAM

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ҲУҚЫҚ ҚОРҒАЎ УЙЫМЛАРЫНЫҢ ЖӘМИЙЕТЛИК–ҲУҚЫҚЫЙ ГАЗЕТАСЫ

ЎЗБЕКИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ПРЕЗИДЕНТИНИНГ ФАРМОНИ

Кейинги вақтларда тўй-ҳашамлар, оилавий тантаналар, маъракa ва маросимларни, марҳумлар хотираларига бағишланган тадбирларни ўтказишда мамлакатимизнинг кўп жойларида шуҳратпарастлик, дабдабабозлик, исрофгарчиликка йўл қўйиш, эл-юрт одатлари ва анъаналарини менсимаслик, ўзини кўз-кўз қилиш, атрофда яшаётган одамларнинг ҳол-аҳволини инобатга олмаслик каби эскидан қолган асоратларга йўл қўйилмоқда.

Бундай хунук одатларга берилган давлат хизматидаги баъзи ўзини йўқотган, лавозимини суиистеъмол қилаётган раҳбарлар, оёғи ердан узилган, манманликка берилиб кетган ҳавойи мансабдорларнинг номақбул ҳаракатлари маҳаллаларда, истиқомат жойларида соғлом муҳит бузилишига сабаб бўлмоқда, оддий одамларнинг нафсониятларига тегмоқда, уларнинг адолатга, умуман давлат ҳокимиятига ишончига зиён етказмоқда.

Ўтганларнинг хотирасига бағишланган маъракаларни ҳам ўтакетган дабдабали равишда ўтказишлар ота-боболаримиздан қолган миллий расм-русумларимизга путур етказиш, муқаддас анъаналаримизни обрўсизлантиришга олиб келмоқда.

Мазкур интилишларнинг носоғлом мусобақага айланиб кетиш ҳоллари дабдабали тўй-ҳашамларни ўтказишга қурби етмаган ор-номусли кишиларни оғир аҳволга туширмоқда.

Энг ачинарли томони шуки, бундай сохта хўжакўрсинлик одатлари ёшларимиз тарбиясига салбий таъсир кўрсатмоқда, кенг жамоатчиликнинг ҳақли эътирозларига сабаб бўлмоқда. Улар бу каби номақбул анъаналар ва одатларга айланиб бораётган ҳолатларга чек қўйиш ҳақидаги талабларини билдирмоқдалар. Ўзларининг эҳтиёжларидан ортиқ маблағларини халқимизнинг азалий одатларига амал қилиб, хайр-эҳсон, меҳр-мурувват кўрсатиш, муҳтожларга, бева-бечораларга ёрдам бериш, турар жойларини обод қилиш, йўллар, кўприклар қуриш, ишлаб чиқаришга сарф қилиш — шундай олижаноб саъй-ҳаракатлар орқали эл-юрт олдида ўзларига ҳақиқий обрў орттириш юзасидан таклифлар ва маслаҳатлар бермоқдалар.

Юқоридагиларни назарда тутиб:

1. Республика "Маҳалла" хайрия жамғармасига:

а) Ўзбекистон Хотин-қизлар қўмитаси, Ўзбекистон мусулмонлари идораси, маҳаллий ҳокимликлар, тегишли давлат ва жамоат ташкилотлари билан биргаликда халқимиз табиатига ёт бундай хунук ҳолатларга зарба бериш, олдини олиш, чек қўйиш чора-тадбирларини ишлаб чиқиш тавсия этилсин;

б) муқаддас динимиз, қадриятларимиз, урф-одатларимиз ва анъаналаримизнинг ҳақиқий моҳиятини ҳаётий, таъсирчан мисоллар асосида кенг халқ оммасига мунтазам етказиш қатъий йўлга қўйилсин;

в) жамоатчилик кенгашлари билан ҳамкорликда замон талабларига мос, халқимизнинг қарашларига мувофиқ келадиган янги, намунавий анъаналарни ташкил қилиш ва жорий этиш топширилсин.

2. Оммавий ахборот воситалари мазкур Фармонда кўтарилган масалаларнинг асл моҳиятини, намунавий анъаналарни кенг тарғиб қилсин, миллий қадриятларимизга зид тараққиётимизга тўсқинлик қилаётган иллатларга қарши жамоатчилик фикрини шакллантиришга алоҳида эътибор берсин.

3. Ўзбекистон Республикаси Прокуратураси давлат ташкилотлари, маъмурий-ҳуқуқий идоралар ва маҳаллий ҳокимликлар раҳбарлари, мансабдор шахслар томонидан юқорида кўрсатилган номаъқулчиликларга йўл қўйилган ҳолатларни амалдаги қонунчилик асосида чуқур ўрганиб, тегишли хулосалар, чиқарсин ва зарур чоралар кўрсин.

Ўзбекистон Республикаси
Президенти **И. КАРИМОВ**

Тошкент шаҳри, 1998 йил 28 октябрь.

САЛЫ УРЫЛАРЫ ҚОЛҒА ТҮСПЕКТЕ

"ЗҮРӘӘТ–98"

Дийханларымыздың маңлай тери менен бой тиклеген аўыл-хожалық өнимлерин жыйнап алыў, мәмлекетке тапсырыў мәўсиминиң ислери басланып, атызларда ғажжа-ғаж мийнеттиң басланғанына да көп ўақытлар болды. Мине, усы егинлерди орып жыйнаў дәўирининде аўыл-хожалық өнимлерин талан-тараж қылып, өз мәпи ушын жан күйдирип атырған, тәртипке бойсынбайтуғын айырым пуқаралардың исҳәрекетлери ел қырманының бийик көтерилиўине кери тәсирин тийгизип атырғаны да сыр емес. Соның ишинде "ел ырысқысы" болған атызлардағы салыны урлап бүгинлиги нызам алдында жуўапкершиликке тартылып атырғанлар саны күн сайын көбеймекте.

Атап айтқанда, ҚАНЛЫКӨЛ РАЙОНЫ Киндикөзек жәмәәтлик хожалығының склад меңгериўшиси К. Бекимбетов 2,5 тонна салыны талан-тараж етип мәмлекетке 43 000 сўм муғдарында материаллық зыян келтирген. Сондай-ақ, Алтынкөл ДФХ бирлеспесиниң комбайншылары М. Қаржанов 708 кг, М. Әширбеков 560 кг, ал А. Юсупов 230 кг. салыны урлағанлығы нәтийжесинде мәмлекетке 29000 сўмлық зыян келтирилди. Сары-алтын ДФХ ағзалары Е. Смайлов, Б. Бегдияров, К. Сейдуллаевлар 132 кг салыны урлаған. Усы бирлеспениң бригадири К. Баймуратов, трактористи А. Нийетуллаевлар 3510 кг салыны талан-тараж етиўи менен мәмлекетке 73564 сўм муғдарында материаллық зыян келтирилген болса бул зыянлар суд ҳүкими менен толық өндирилди.

НӨКИС РАЙОНЫ Кердер колхозының исшилери Т. Генжебаев, Х. Зайтовлар 421 кг салыны урлаған. Мәмлекетке келтирилген 8209 сўм зыян толығы менен өндирилиўге ерисилди.

ШЫМБАЙ РАЙОНЫ Майжап колхозының трактористи З. Пурхановтың үйинен 309 кг салы табылып 10255 сўм муғдарындағы зыян өндирилди.

ҚОҢЫРАТ РАЙОНЫ Көк-дәрья колхозы бас есапшысының орынбасары А. Оразбаев пенен комбайн айдаўшы А. Оразбаев 2592 кг салыны талан-тараж еткен. 90795 сўм зыян өндирилди. Раўшан жәмәәтлик хожалығы Саранча аўылының комбайн айдаўшысы Е. Каракулов 760 кг, трактористи У. Каракулов 580 кг салыны талан-тараж қылыўға жол қойған. Хорезм ДФХ комбайнёры Б. Алиев 220 кг салыны өз мәпи ушын пайдаланыўға ҳәрекет еткен.

НӨКИС ҚАЛАСЫ №2528 автокөрхана айдаўшысы С. Аллаҳназаров Нөкис районлық Шортанбай колхозынан Нөкис Дән комбинатына салы тапсырып жүрип 22 қалта, улыўма 980 кг салыны талан-тараж қылғанлығы нәтийжесинде мәмлекетке 34300 сўм зыян келтирди.

ТАХТАКӨПИР РАЙОНЫ Маржан-көл колхозының тургыны Б. Данияровтың үйинен 313 кг салы, 57 кг гүриш пенен бирге қол дигирманы табылған. Усы колхозда жасаўшы Қаралбековтың салы атызынан Ж. Қаралбеков ҳәм М. Шербековлар 105700 сўм баҳасындағы салыны үйине алып келген. Талқанбаев өзи салы бригадири болып ислеп жүрип 3800 кг, улыўма баҳасы 133 мың сўм муғдарындағы салыны талан-тараж еткен.

МОЙНАҚ РАЙОНЫНДА жасаўшы М. Худайбергенов өзиниң меншик КАМАЗ маркалы, м/б 23 А 6331 автомашинасында 6,5 тонна салыны алып кетип баратырғанында иркилди.

ҚАРАӨЗЕК РАЙОНЫ Мәденият ДФХ бирлеспесиниң айдаўшысы К. Алламбергеновтың үйинен 1500 кг салы табылды.

Қарақалапқстан Республикасы ишки иқлер уйымлары тәрепинен 1998 жылдың 1-январынан 22-октябрьге шекем салы өнимлери бойынша улыўма 15 жынаятлы ис қозғатылып, 24 адам жынайы жуўапкершиликке тартылды. Мәмлекетке келтирилген 918838 сўм муғдарындағы материаллық зыян толығы менен өндирилди.

Дәстурханымыздың көрки, халқымыздың несийбесин талан-тараж етип, өз мәпимизди мәмлекет мәпинен жоқары тутып, қырманға түсетуғын "сары алтын"ларымызды ҳәр ким ҳәр жақтан қол суғып алып кете берсе қандай болар екен? Соның ушын бул қатты-ҳәрекетлеримиздиң ақыры нызам алдында жуўапкер болыўға мәжбүрлейтуғынын да умытпайық.

М. АЙМАНОВ

Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасы ишки ислер уйымларында тергеў-сорастырыў ҳәм де МСБ-да сорастырыў үстинен бақлаў бөлими баслығы.

Қ. СЕЙТМУРАТОВ,
арнаўлы хабаршымыз.

ФАЛАТНИЦ

КЕЛЕШЕК ЖАСЛАРДИКИ

Ишки ислер уйымларына жас қәнийгелерди таярлаў күн тәртибиндеги ўазыйпалардың бири. Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер Министрлиги бул мәселени кеўилдегидей бәржай етиўге ат салыспақта. Деген менен оның да өзине ылайық машқалалары бар. Кадрлар таярлаў керек, олардың ҳуқықый билимин жетилистириў оғада зәрүрли. Бул ўазыйпаларды инабат пенен атқарыў шәрт. Усы ҳәм алдағы Уллы ўазыйпалар туўралы Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер Министрлигиниң Жеке қурам менен ислесиў хызметиниң аға инспекторы, милиция капитаны РАМЕТОВ МАХСЕТ БАХИЕВИЧ бизиң хабаршымызға төмендегилерди гүррең етти.

Өзбекстан Республикасы ишки ислер министрлиги, Қарақалпақстан Республикасы ишки ислер министрлиги кадрлар таярлаў, қәнийгелердиң ҳуқықый билимин жетилистириў бағдарындағы ислерге үлкен дыққат бөлип, ишки ислер уйымларында арнаўлы жоқары юридикалық мағлыўматқа ийе жаслардың хызмет етиўин көзде тутып отыр.

Соңғы жыллар ишинде Ташкент қаласындағы Өзбекстан Республикасы ишки ислер министрлигиниң Академиясында Қарақалпақстанлы жаслардың оқыўға түсиўи жылдан-жылға көбеймекте. 1998-1999 оқыў жылында 38 жас ишки ислер уйымларында хызмет етиўге таяр қәнийге болып келеди. Улыўма 173 тыңлаўшы ишки ислер министрлигиниң Академиясында билим алып атыр, ал әскерий-техникалық училищесинде — 15 курсант, Жоқары әрттен сақлаў-техникалық мектебинде — 27 курсант, Ферғана қаласында ҳуқық лицейинде — 22 оқыўшы билим алмақта.

1997-жыл октябрь айында Қарақалпақстан Республикасы ишки ислер министрлигиниң арнаўлы оқыў орынларына талабанларды жәмлеў ҳаққында буйрығы бойынша барлық қалалық ҳәм районлық ишки ислер бөлимлерине бөлиспе кестеси жиберилди. Усы кесте бойынша ҳәр бир районнан талабанлардың ҳүжжетлери топланды.

1998-1999 оқыў жылында улыўма Өзбекстан Республикасы ишки ислер министрлигиниң арнаўлы оқыў орынларына Министрлигимиз төрепинен 375 талабанның ҳүжжетлери таярланды, соның ишинде:

—Ишки ислер министрлиги Академиясының күндизги оқыў бөлимине 167, ал сырттан оқыў бөлимине 90;

—Жоқарғы әскерий-техникалық училищеге—21;

—Жоқарғы әрттен сақлаў-техникалық мектебиниң күндизги оқыў бөлимине 51, ал сырттан оқыў бөлимине 29;

—Ферғана қаласындағы ҳуқық лицейине 17 талабан таярланды ҳәм ҳүжжетлери жиберилди.

Өзбекстан Республикасы ишки ислер министрлигиниң арнаўлы оқыў орынларында талабанларды жәмлеў ўақтында министрлигимизге 619 пуқарадан оқыўға барыўға арза келип түсти, олардың ҳәммеси арнаўлы комиссияда көрилип шығып оларға медициналық көзден өтиў ушын жоллама берилди. Медициналық көзден өткериў ушын жиберилген 619 талабаннан 134 талабан ден-саўлықларына байланыслы оқыўға жибериўге жарамсыз деп табылды, ал 110 талабан шаңарақ жағдайларына байланыслы оқыў орынларына бара алмай қалды.

1998 жылдың июнь, июль айларында министрлигимизде оқыў орынларына таярланған талабанлар ҳәм ата-аналары менен ушырасыў болып өтти. Ушырасыўда Қарақалпақстан Республикасы ишки ислер министрлигиниң орынбасары ишки хызмет подполковниги М. Бабаниязов, жеке қурам менен ислесиў хызметиниң орынбасары, ишки хызмет подполковниги К. Бекжановлар 1998-1999 оқыў жылларында арнаўлы оқыў орынларына талабанларды қабыллаў ҳаққында кең түрде түсиник берди. Усы шөлкемлестириў ислериниң нәтийжесинде 1998-1999 оқыў жылында Өзбекстан Республикасы ишки ислер министрлигиниң арнаўлы оқыў орынларына Республикамыздан 112 тыңлаўшы ҳәм курсантлар қабылланды, соның ишинде:

—Академияның күндизги оқыў бөлимине 56 тыңлаўшы, сырттан оқыў бөлимине 24 ишки ислер уйымы хызметкерлери қабылланды;

—Жоқары әскерий-техникалық училищеге — 5 курсант;

—Жоқары әрттен сақлаў-техникалық мектебиниң күндизги оқыў бөлимине 10, сырттан оқыў бөлимине 7 ишки ислер уйымы хызметкерлери қабылланды;

(Даўамы 3-бетте)

ПРОКУРОР ҚАДАҒАЛАЎЫ ӘМЕЛДЕ

Қоңырат районлараралық прокуратурасы тәрепинен нызамлылықты беккемлеў, жынаятшылыққа қарсы гүрес, жәмийетлик тәртипти сақлаў бойынша бир қанша жумыслар әмелге асырылды.

Мәселен, улыўма бақлаў тәртибинде өткен 8 ай ишинде 71 тексериўлер жүргизилди, нәтийжеде анықланған нызам бузыўшылықларды сапластырыў бойынша 38 усыныс келтирилип, жуўмағы бойынша 118 адам ҳәр қыйлы интизамий жуўапкершиликке тартылды.

Президентимиздиң 12-май 1995 жылғы "Халық хожалығында есап-китапларды өз ўақтында өткизиў бойынша кәрхана, мәкеме басшыларының жуўапкершилигин асырыў илажлары ҳаққында"ғы Пәрманы, 24-январь 1996 жылғы "Төлеў интизамы ҳәм өз-ара есапласыўды беккемлеў бойынша илажлар ҳаққында"ғы Пәрманларының орынланыўы бойынша "Хорезм" ширкетлер бирлеспесинде, "Үстирт" колхозында, "Көкдәрья" акционерлик жәмийетинде, "Әжинияз", "Рәўшан" ширкетлер бирлеспесинде тексериўлер жүргизилди. "Көкли-көл" жәмәәтлик хожалығында өткерилген тексериўлер нәтийжесинде жуўапкерли адамлар үстинен жынаятлы ис қозғатылып, тергеў ҳәрекетлери жүргизилмекте. Тексериўлер нәтийжесинде анықланған нызам бузыўшылықларды сапластырыў бойынша тийисли шаралар көрилди.

Районымыз экономикасын көтериў, ҳуқықый демократиялық жәмийет қурыўда бар мүмкиншиликлерден пайдаланып, ўатанымызға хызмет етемиз.

Е. ҚАЙЫПБЕРГЕНОВ,
Қоңырат районлараралық прокуроры.

Халық билан бамаслаҳат иш кўрсак, ислоҳотларнинг бориши ва якунларидан уни доимо хабардор қилиб турсак, қийинчиликларни яширмасдан ҳаётимизнинг энг оғир жиҳатларини ҳам очиқ ошкор этсак, баён этсак, бундан биз асло ютқизмаймиз, аксинча — фақат ютамиз.

И. Каримов.



Өрт—тилсиз жаў

Суўық күнлердиң келиўи нәтийжесинде турақ жайларда ҳәм жасаўға қолайластырылған басқада жайларда өрт болыўшылық көбейип кетти. 1998 жылдың басынан берли усы күнге шекем Нөкис қаласында 170 тен аслам өрт болды. Олардың нәтийжесинде күйик жарақатын алған адам саны 18 ден асып кетти, ал гейпаралары аўыр ақыбетлерге алып келди. Соның ушын ҳәр бир адам өз үйинде, жумыс орынларында белгиленген өрттен сақланыў қәделерин жақсы билиўи оны бәрҳә есте сақлаўы ҳәм бирдейине орынлаўы керек. Күнниң салқын болыўына байланыслы жылытыў үскенелерди жағыў мапазы басланбақта.

Печлердиң морыларын өзлериңиз 2 айда 1 рет тазалап турың. Зәрүрли жағдайда ерикли өрт өшириў жәмийетиниң печь усталарын шақырыўыңызды мәсләҳәт етемиз. Оны сиз 4-18-85 номерли телефоннан шақырыўыңызға болады.

Турақ жайларда ҳәм жасаўға қолайластырылған басқада жайларда өртлердиң келип шығыўын болдырмаў ушын қыздырыў приборларынан пайдаланыўда, өрттен сақланыўда төмендеги қағыйдаларды сақлаўды сизден өтиниш етемиз.

1.Печти 3 сааттан көп жағыў қадаған, соң оны суўытыў керек, жәнеде қыздырыўды уйқламастан 2 саат бурын өширип қойыў керек.

2.Морылары бузық ҳәм өртке қарсы бөлимшелери жоқ печлерден пайдаланыўға тыйым салыў керек. Зәрүр жағдайда ықтыярлы өрттен сақлаў жәмийетинен адам шақырып (2—59—56 Нөкис қаласы Мукуми көшеси, номери 7 жай) көрсетиўиңизге болады.

3.Печтиң отын салатуғын тесигиниң алдында тахта полдың үстине 50х70 см. өлшемдеги қаңылтыр қойылыўы керек.

4.Печти жағыў ушын тез өртенгиш суйықлықлардан пайдаланыў қадаған етиледи.

5.Өжирелерди ысытыў ушын газ плиталарынан ҳәм қолдан ислеген жылытыў приборларынан пайдаланыў қәўипли.

6.Жылытыў электр менен қыздырыў ҳәм газ приборлары қадағалаўсыз қалмасын. Балаларға печлерди жағыў ҳәм оларға қарап турыўға рухсат етилмесин.

7.Жанып турған газ плиталары және электр менен жылытыў үскенелериниң үстинде кийимди кептириўге рухсат етилмесин.

8. Балаларды қараўсыз жалғыз қалдырмаң.

Усындай өрттен сақланыўдың өпиўайы ғана қағыйдаларын қатаң сақлаў сизиң үйиңизде өрттиң болмаўына алып келеди.

Базархан БЕРДЕКЕЕВА.
Нөкис қаласы №1 ши өз алдына әскерийлестирилген өрттен сақлаў бөлими инспекторы, ишки хызмет капитаны.

Бул дүньяның көрки өзиңиз—қызлар!

Бир ўақытлары кемпир апаларымыздан еситкен тәрбиялық бағыттағы гәплер есиме түсип хәзирги ўақтағы жап-жас ғана айырым шырайлы қызлардың қылықларын көрип жағанды услаўдан басқа илажың жоқ екенин аңлайсаң.

Бурынғы ўақытлары Аналар шаңарақта қыз бала дүньяға келгеннен соң, есин билип ақыл жуўыртқанынан баслап өзимиздиң миллий тағамларымыздың не бир түрлерин таярлаў, кийим тигиў, кесте тоқыў, үй азадалығына итибар бериў, хәтте бала тәрбиясын меңгериўди де қоса үйретиўди өзлериниң миннети—деп түсинген. Себеби "қыз бала қонақ"—дегендей ол ертеңги күни өзге бир шаңарақка келин болып ийилип түскеннен кейин еки елди бириктириўши инсан болады.

Халқымыздың өз дәстүрлери бойынша таза келген келин азанда ерте турып үй-руўзыгершилигиндеги бәрше жумысларға араласып кете береди. Улыўма алғанда өз қәйин енесиниң ең жақын жәрдемшиси хызметин атқарады. Қәйин ене болса, "Улым арқалы қызлы болдым, қызым арқалы уллы болдым"—деп келинин өз қызындай көрип өз тәжирийбеси бойынша тәрбиялаўға бел байлайды. Бизиң сол кишкене дәўиримизде кемпир апаларымыздан қызлар тәрбиясы ҳаққында еситкен әңгимелеримиз бүгинги күни толық дәрежеде иске асып атыр деп көз алдымызға келтире аламыз ба? Егер сол дәўирлердеги апаларымыздың алған тәрбиясы хәзир де даўам етип атырған болса бүгинги күни жап-жас ғана, өспирим қызлар арасындағы жынаятлардың келип шығыўының тийкарғы себеплери неде?

Биз айырым ўақытлары байрам күнлеринде яғный



басқа да күнлерде гей бир орынларда қыз балалардың шарап ишкен мәс ҳалында көше бойлап дуйым журтқа масқара болып жүргенлерин ушыратыўымыз сөзсиз. Хәтте, айрымлары ерлер менен қатар турып темеки шегиўден де қайтпайды. Бул мәселени қозғап қәлем тербетиўиме өз айыпларын мойынлап көзлери жаста, кеўиллери ғамлы пушайман шеккен Сәўле менен Жумаханның суд мәжилисинде қаралған жынаятлы иси себепши болды.

Судланыўшы Елиўсизова Жумахан 25 жаста, ал Ерназарова Сәўле 19 жаста. Олардың ҳеш бири де мектепти оқып питкергеннен басқа мағлыўматқа ийе емес.

Жумахан өзиниң танысы Толғанайды излеп Клара Абибуллаеваның үйине барады. Барған жеринде Сәўле, Есполатлар менен танысып қалады. Клара телевизорын оңлатқаны ҳәм олардың танысқаны ушын сол жерде бәри отырып арақ ишиў басланады. Отырыспақ жуўмақланып бираз ўақыт өткеннен кейин Сәўле менен Жумахан екеўи бирге қайтпақшы болып сыртқа шығып турғанда жол-жөнекей өтип баратырған еки қызды көрип қалып оларды шақырған. Бийтаныс қызлардың екеўи де тыңламай кете бергенине шыдам бере алмай ашыўға минген кеўли хош қызлар

олардың изинен жетип иркип алып шетке шығарғаннан баслап еки қызды екеўи жулқылап, қолы менен дус келген жерлерине ура баслайды. Шайтан суўдың шайтаншылығына бағынған "мәс қызлар" буның менен де шекленип қалмастан жәбиркештиң сумкасынан 3000 сўм ақшасын өзине өзлестирип алыўға ҳәрекет еткен. Ислеген қылмысларының ақыры бүгинги күнги нызамлы жазаға келип тирелетуғынын қыялына да келтирмеген олар тергеў дәўиринде де ҳәр түрли сылтаўларды айтып, жалған көрсетпелерди бериўге урынды. Деген менен жәбиркеш, гүўалар көрсетпелериниң ҳәм тергеў жумысының ҳәр тәреплеме нәтийжели шығыўы олардың айыпларын ашып таслады.

Өзлери қыз балалар бола тура усындай дәрежедеги исҳәрекетлерди баслаўына қандай жағдай себеп болды екен, ата-аналары, мәкан комитет ақсақаллары олардың тәртип интизамлылығына итибар берип нәсият гәплерин, тәрбиялық ақылларын айтыўға ҳәрекет еткен бе еди?

Ерназарова Сәўлени жасы бойынша киши деп есаплассақ Елиўсизова Жумаханды жасы жетпейди деўдиң өзи де орынсыз болар. Егер Жумахан ақыллылық етип Сәўлени ақылландырып бул жолынан қайтарғанда ўақыяның алдын алған болар еди. Керисинше Жумахан өз жасының үлкен болыўына қарамастан Сәўлени де қоса жынаят жолына ийтермеледи. Өзиниң шериги дәрежесине әкелди.

"Кемеге мингенниң жаны бир"—дегендей биргеликте исти баслаған екен ақырына дейин бирге жуўмақлаўға туўра келди. Жүз берген жынаят бойынша Нөкис қалалық суды ӨзР ЖК ниң 166 статья 2 бөлими менен Ерназарова Сәўлени 3 жыл 6 ай мүддетке, ал Елиўсизова Жумаханды 3 жыл мүддетке еркинен айырыўға ҳүким етти. Ҳаял-қызлар арасында жүз берген жынаятлар тек ғана Сәўле, Жумахан менен шекленип қалған емес. Бундай жынаятларға араласып өз келешегине өзи тоғанақ болып отырған ҳаял-қызларымыз жүдә көп. Айтайын дегинимиз арақ ишиў, мәскүнемшиликке берилиў ҳеш кимсеге де жақсы пазыйлетлерди инәм етпейди. Керисинше, инсан кеўлиндеги жақсылық белгилерин өширип, денени зәҳәр ийелеп ызалы етип тәрбияланыўға дуўшакер етеди.

Ҳәр бир үйде, шаңарақта белгили күнлерде, байрамларда дәстурханымыз әтирапы жүзлери жарқын қонақлар менен толып турады. Мине усы қуўаныш инсандағы жақсы-жақсы тилеклерди сыртқа шығарыўға ийтермелейди. Усы тилеклерди айтып кесе қағыстырған ата-ана, жасы үлкенлерди көрген нәрестелер, жаслар бундай затларды тез арада өзине сиңдирип алып ертеңги күни қағысқан кеселердиң ақыбети өкинишли ўақыялардың себепшиси болмаўына кепиллик бериўге ҳеш кимниң де исеними жетпесе керек.

Келешек аналар болған жас қызларымыздың кеўлинде унамсыз қәсийетлер орын алса олардың көкирегиндеги ана сүтинен бойтиклеген нәрестелердиң тәрбиясы қандай болар екен?

Солай етип, тәрбия шаңарақтан басланар екен "уяда көргени ушқанда нурлы келешекке бағдарлағай"—деп тилеп қаламыз.

Қ. СЕЙТМУРАТОВ.

(Даўамы. Басы 2-бетте)

Ишки ислер министрлигинде

КЕЛЕШЕК—ЖАСЛАРДИКИ

Өзбекстан Республикасы ишки ислер министрлиги Академиясының күндизги оқыў бөлимине Нөкис қаласынан 16, Қанлыкөл ҳәм Төрткүлден 7 ден, Қанлыкөл, Мойнақ, Хожели районларынан 4 ден, Әмиўдәрья районына —3, Беруний, Қарәөзек, Қоңырат районларынан ҳәр қайсысынан 2 ден, ал Нөкис ҳәм Тахтакөпир районларынан бир-бирден талабанлар оқыўға қабылланды.

Солай етип Өзбекстан Республикасы ишки ислер министрлиги ҳәм Қарақалпақстан Республикасы ишки ислер министрлигиниң басшылары халқымыздың ҳуқықый билимге ийе болғанлар санын жылдан-жылға көбейтиў бағдарындағы ийгиликли ислерге әмелий жүўап бермекте.

Ҳәзирги ўақытта Өзбекстан Республикасы ишки ислер министрлигиниң оқыў орынларында талабанларды қабыллаўға таярлықлар көрмекте. Бул оқыў орынларынан:

—Ишки ислер министрлигиниң Академиясы;

—Жоқарғы әскерий-техникалық училище;

—Жоқарғы өрттен сақлаў техникалық мектеби.

Оқыў мүддети — 4 жыл. Жоқарыда көрсетилген арнаўлы оқыў орынларына жасы 17-23 жастағы Өзбекстан Республикасы пуқаралары, саўаты орта мағлыўматтан төмен болмаған, ден-саўлығы бойынша ишки ислер үйымы хызметкерлерине жүкленетуғын ўазыйпаны орынлай алатуғын, бойы 170 сантиметрден кем болмаған жаслар қабылланады. Оқыўға таярланған талабанлар төмендеги пәнлерден тест сынақларынан өтеди:

—Өзбекстан тарийхы;

—Өзбек (рус) әдебияты;

—Өзбек (рус) тили;

—Физикалық тәрбия.

Ҳүжжетлерди таярлаў ҳәм қабыллаў 1 декабрь 1998 жылдан басланады. Тест сынақлары өзбек ҳәм рус тиллеринде тапсырылады. Тест сынақларынан алдын июль айында талабанлар медициналық көриктен толық өтеди ҳәм физикалық тәрбиядан профиль имтиханларын тапсырады, медициналық көриктен толық өткен ҳәм физикалық тәрбия бойынша профиль имтиханларын табыслы тапсырған талабанлар 1 август 1999 жылы тест сынақларына жибериледи. Оқыў орынларына таярланған талабанлар медициналық көриктен өткериў, профиль имтиханларын ҳәм тест сынақларын тапсырар ўақтында жол кирейи, жатақханасы, аўқатланыўы өзлериниң есабынан болады, ал кириў тест сынақларын табыслы тапсырған талабанлар ишки ислер уйымы хызметкерлерине берилген жеңилликлер менен төмийинленеди. Өзбекстан Республикасы ишки ислер министрлигиниң арнаўлы жоқарғы оқыў орынларына қәлеўши талабанлар толық мағлыўмат алыў ушын Қарақалпақстан Республикасы ишки ислер министрлигиниң Жеке қурам менен ислесиў хызметине, қалалық ҳәм районлық ишки ислер бөлимлерине хабарласыўына болады.

* * *

Махсет Бахый улы Раметовтың гүрриңин тыңлап отырып, ишки ислер уйымларына жас қәнийгелерди таярлаў бойынша исленип атырған ислерге сүйсинип, буның барлығы Гәрезсизлик берген илаҳийда жемислер деп тән аламыз. Ҳуқықый демократиялық мәмлекеттиң исенимли үәкиллери болған жас қәнийгелерди тәрбиялаў оғада әҳмийетли ис. Ишки ислер уйымларында арнаўлы жоқары юридикалық мағлыўматқа ийе жаслар хызмет етсе, елимиздиң еле де гүллеп жасnаўына кең мүмкиншиликлер туўдырылады, әлбетте. Республика ишки ислер министрлигиниң жеке қурам менен ислесиў хызметине тағы да табыслар тилеп қаламыз.

Миясар ҚАБУЛОВА,
(өз хабаршымыз)

Ҳәммеге мәлим намысқа тийиў жынаяты әмелдеги нызамларымызда ең аўыр жынаятлар қатарына киреди. Бундай жынаятларды ислеген жынаятшыларға қарата мәмлекетимиз, ҳүкиметимиз жыл сайын шараны күшейтиў мәселелерин жолға қойып атыр. Бирақ көрилип атырған шараларға қарамастан жынаяттың бул түриниң Республикамызда еле де жүз берип атырғанлығы ашынарлы...

Үйиңизде қыз өсип атыр

ПЕРЗЕНТЛЕРИМИЗ ТӘРБИЯСЫНА КЕЎИЛ БӨЛЕЙИК

Өсирип атырған перзентлериниң келешекте адам болыўы ушын қайсы бир ата-ана олардың тәрбиясы менен қызықпайды — дейсиз? Әлбетте ҳәр бир ата, ҳәр бир ана перзентиниң ертеңги күни ушын қайғырып оларға қолынан келгенше жақсы шараят туўдырып бериўге умтылады. Өмир бойы ислеген мийнетиниң жемисин тек ғана өз перзентлерине инәм етип келеди. Бирақ ата-ананың сонша мийнетлерин есапқа алып оларға абырай алып бериў орнына, гөзлеген қара исинен қайтпайтуғын "азамат"лардың ойсызлығы нәтийжесинде ата-ананың жүзи төмен болып қалатуғын жағдайлар да ушырасып қалады.

Республикамыз районларының биринде жасаўшы, 1979-жылы туўылған Батыр Қудияровтың ислеген қара иси, адам баласы жети уйықлағанда түсине де кирмейтуғын жағдай екенлигине ҳеш кимниң де гүманы болмаса керек.

Батыр 1997 жыл июль айының дәслепки күнлериниң биринде үйде тек ғана туўысқан қарындасы Наргиза менен екеўи еди. Шаңарақтың басқа адамларының кимиси жумыста, кимиси оқыўларында. Бәрше қыз балалар сыяқлы Наргиза да үйде болған бос ўақытларында үй жумыслары менен айланысып жүриўди әдет еткен. Усы күни де ол өзине тийисли жумысларын ислеп жүр еди. Әжағасы Батыр күтилмеген жағдайда ханасынан шықты да қарындасы Наргизаны ишки бөлмеге қарай тартты. Албыраған Наргиза болса әжағасының бул ҳәрекетиниң төркининде не жатырғанынан бийхабар еди. Батыр Наргизаны бөлмеге киргизип оны өзиниң бир ана, бир атадан туўылғанына, туўысқан қарындасы болыўына, оның еле он төрт жасқа да толмағанлығына қарамастан зорлап, мәжбүрлеп, оның қарсылық көрсетиўине қарамастан өзиниң нәпсин қандырыў мақсетинде жыныслық қатнас ислейди.

Буннан соң Батыр қарындасы Наргизадан бул ўақыяны ҳеш кимге айтпаўын талап етеди. Наргизаның болған ўақыяны ҳеш кимге айтпайтуғынлығына анық көзи жеткен Батыр, ислеген қара исин бир неше айлар даўамында тәкирарлап келеди.

Ден-саўлығына байланыслы кейинги пайытлары мектептен көп сабақ қалдырып кеткен Наргизаның аўҳалы күннен-күнге аўырласты. 1998 жыл 6 май күни ол буратыла бергеннен соң "соқыр ишек" деп анасы қызын емлеўханаға апарады. Емлеўханаға "соқыр ишек" деп алып келинген еле он гүлинен бир гүли ашылмаған нәрестеденнәресте туўылды?... Ҳәмменің ақылы ҳайран. Наргизаның анасының болса жүзин жоқары көтергендей шамасы жоқ. Бул қалай болды? Туўылған нәрестениң әкеси ким? Ҳәмменің қыялында тек ғана усы сораўлар.

Кейин ала нәрестениң әкеси анықланды. Жынаят иси қозғатылып, тергеў жумыслары жүргизилди. Бул иске тикелей айыплы Наргизаның туўысқан әжағасы Батыр Қудияров дәслепки тергеў барысында жуўапкершиликтен қутылыў мақсетинде өз айыбын мойынлағысы келмей көп урынды. Лекин ис бойынша сораў қылынған гүўалардың көрсетпелери менен судмедэкспертиза жуўмақлары ҳәм басқа да дәлийиллер Батырдың сыныққа сылтаў излеўиниң пайдасы жоқ екенлигин және бир мәрте дәлийиллеп берди.

Судланыўшы Қудияров Батыр қылмысына ылайық Өзбекстан Республикасы Жынаят Кодексиниң тийисли статьялары менен айыпланып, 19 жыл мүддетке еркинен айырылыў жазасына ҳүким етилди.

Судланыўшы тийисли жазасын алды, бирақ усы жерде сораў туўылыўы мүмкин, еле мектеп партасынан шықпаған қызалақтың ендиги тәғдири қалай болады екен? Қурбы-қурдас, қоңсы-қоба, ағайин-туўғанлардың алдында бир өмир жүзи төмен, тили қысқа болып жасаў не деген аўыр?

Батыр бул иси менен өзиниң туўысқан қарындасының гүлдей өмирин зая еткенлигин, оның алақандай ғана таза жүрегине мәңги дақ салып, жаралап кеткенлигин түсинер ме екен? Түсингенинде де не утыўы мүмкин? Бәрине де кеш болды. Жүз берген ҳәдийсени қайта тиклеўдиң илажы жоқ.

Бир ақмақтың ўақтынша ләззеттиң ышқына берилиўи нәтийжесинде дүньяға келген бийгүна нәрестениң айыбы не?

Елимизде қаншадан-қанша шаңарақлар бар. Қудайға шүкир ҳәр бир шаңарақта перзентлер өсип атыр. Неге енди биз үлкен арзыў әрманлар менен өсирип атырған ул ҳәм қызларымыздың атқан адымын дыққат пенен бақламай, гейде арқайынлыққа берилемиз. Олардың жағдайлары менен ядымызға түскен ўақытта ғана танысып турамыз. Қәне енди өсирип атырған перзентлеримиздиң тәрбиясына итибарлы қарап олардың атқан қәдемин күнде, мезгилинде бақлап барсақ. Сонда ғана биз жоқарыда айтып өткен сыяқлы жағдайлардың алдын алыўға ерисиўимиз мүмкин. Халқымызда "гүзе күнде емес, күнинде сынады" деген гәп бийкар айтылмаған. Соның ушын да перзентлеримиз тәрбиясына итибарды еле де болса күшейтиўимиз шәрт.

(Айырым себеплерге байланыслы адам атлары өзгертилип алынды).

Камал АЛЕМИНОВ,
Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасының бөлим баслығы.

Парахат ХАБИБУЛЛАЕВ,
журналист.

СИЗГА ГУЛ ҲАДЯ ҚИЛИШСА... ШУБҲАЛАНМАЙСИЗМИ?

Сизга рашк қийноқ -азоблари танишми? Сизни ёстиқдошингиз ёки дўстингизнинг вафосию садоқатига бўлган шубҳалар исканжага олиб, қийнамайдими ёки сизга севгилингиз хиёнатидан азоб чекиш ҳисси бегонами? Ушбу тест сизга бу сирларни очиб беради.

1. Ёстиқдошингиз (севгилингиз, дўстингиз) қисқа муддат дўстлари билан бирга бўлмоқчи. Сизни ўзи билан бирга олиб кетмайди. Сиз осонгина, ҳеч гап-сўзсиз уни қўйиб юбора оласизми?

А. Албатта, мен унга ишонаман.

В. Кўнглимга таҳлика тушади, ахир, эркаклар орасида нималар бўлмайди дейсиз.

С. Мен уни ниятидан қайтаришга ҳаракат қиламан.

2. Орадаги муносабатларни ўзгартириш, яхшилаш учун сизнинг баъзида ўтмишга қайтгингиз келадими?

А. Йўқ, ўтмиш хаёлимга ҳам келмайди.

В. Ҳа, ўтмишга қайтилганида барини қайтадан бошлаш мумкин бўларди.

С. Шундай бўлганда, баъзан ўзимни бошқача тутган бўлармидим.

3. Сизга ўзингиздан кўра бошқаларни афзал кўришгандай туюлмайдими, масалан, ишда?

А. Мутлақо.

В. Аҳён-аҳёнда.

С. Кўпинча.

4. Бирга яшовчи жуфтларнинг бир-биридан яширадиган сирлари бўладими?

А. Ҳа, бу биргаликдаги турмушга алоҳида бир хусусият бағишлайди.

В. Сира бундай бўлмайди.

С. Улар ҳал қилувчи дақиқаларда бутунлай ошкора бўлишлари керак.

5. Музейда сизнинг диққатингизни, айниқса, бир нарса... тортади.

А. Рангтасвир асарлари.

В. Қурол-яроғ коллекциялари.

С. Тарихгача бўлган қисм.

6. Дугонангизга лотереяда ютуқ чиқди ва у билан мақтаниб юрибди. Сиз бунга қандай қарайсиз?

А. Мен дугонамга ҳамма пулларни бекорга сарфламагин, деб маслаҳат бераман.

В. Ундан нариюроқ юраман.

С. Бу нарса бизнинг муносабатларимизга таъсир қилмайди.

7. Севгилингиз сизга сира кутилмаганда гул ҳадя этади. Шунда кўнглингизда шубҳа туғилмайдими?

А. Ҳа, афсуски, бундай воқеа орасирадагина бўлиб туради-да.

В. Йўқ.

С. У ниманидир бўйнига олиш учун шундай қилган.

ПСИХОТЕСТНИ ОЧИШ КАЛИТИ

ПСИХОТЕСТ

СЕВГИЛИНГИЗНИ РАШК ҚИЛАСИЗМИ?

Жавобларингизни жамланг (А-1 балл, В-2 балл, С-3 балл):

7-11

Кўнглингизда заррача бўлсин, "рашк касаллиги"дан нишон ҳам йўқ. Сиз ўзингиз ва севгилингизни шахсий озодликдан маҳрум қилмайсиз. Аммо бундай сабр-қаноат бориб-бориб бефарқликка айланиши турган гап.

12-16

Сиз рашк хуружига йўлиққансиз. Сиз бу борада ўз ҳиссиётларингизни жиловлашга тиришасиз ва севгилингизни турли-туман шубҳалар билан таъқиб қилмайсиз. Ўзингизга ишонинг ва шунда рашк сизни ортиқ азобга қўймайди.

17-21

Сиз ўзга кишилар қиёфасида ўзингизга ҳаддан ортиқ рақиб кўрасиз. Шунинг учун ҳам севгилингизни қўлга туширишга ҳаракат қиласиз. Натижада оддий, беғубор вазиятлар ҳам рашкнинг авж саҳналари билан якунланади.

("Лиза" журналидан)

"Адам ҳәм Нызам"
Шөлкемлестириўшилер: Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасы, Әдиллик Министрлиги ҳәм Ишки Ислер Министрлиги.
Газета А-3 форматында нусқасы 10.000 480 буйыртпа менен басылды
Газета аныңа 3 мәртебе шығады.
Дизимге алынғанлығы тууралы гууалық №0510.

Бас редактор
Роза КӨБЕЙСИНОВА

Редакцияның жәмийетлик кеңестойлери:
Парахат Айтниязов, Жаңабай Садықов, Азат Нуржанов, Бахмурат Сейтмуратов, Батыр Матмуратов, Фархад Низамов, Қудайберген Ниязымбетов, Жанабай Шылманов, Замира Шамуратова, Ҳакимбай Халимов.

Мәкан жайымыз:
Индекс: 742000. Нөкис қаласы, Гәрезсизлик көшеси №44 жай, телефон: 4-47-59.

Басыўға рухсат етилген ўақты 10.00
Индекси пуқаралар ушын -321, кәрханалар ушын -322.

Қарақалпақстан Республикасы Баспасөз бойынша Мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты